# Шымбай районында бир неше обектлер пайдаланыўға тапсырылды

Бүгин Шымбай районында бир неше обектлер пайдаланыўға тапсырылды. Атап айтқанда “Балалар музика ҳәм  көркем-өнер мектебы” имәраты,  Майжап АПЖ аймағында жайласқан 10-санлы Мектепке шекемги билимлендириў шөлкеми, Қызыл -өзек АПЖ  аймағында жайласқан 3-санлы Мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлеринде реконструкция қурылыс оңлаў жумыслары алып барылды ҳәм бүгин балаларға  инәм етилди.

Image not found or type unknown

Соның менен бирге «Қызыл-өзек» аўыл пухаралар жыйыны аймагындагы «Болыс» аўылына жеткерип бериўши ҳәм бөлистириўши улыўма узынлығы 11, 5 км болған ишимлик сууы тармақлары жаңадан қурылып   «Болыс» суў бөлистириў  имәраты пайдаланыўға тапсырылды.

Image not found or type unknown

Шымбай районы «Қызыл-өзек» аўыл пухаралар жыйыны аймағындағы «Болыс» аўылында жәми 161 хожалық бар болып,  алып барылган қурылыс жумыслар нәтийжесинде аўыл турғынлары төлыгы менен ишимлик сууы менен тәмийинленди.

Жақсы ис жақсы әмеллер нәтийжесинде районымыздағы «Оржап» макан пуқаралар жыйыны имәраты да пайдаланыўға тапсырылды. Районымыздағы соңғы өзгерислер көрген көзди қуўандырмай қоймайды.

Шымбай районы ҳәкимлигиниң Мәлимлеме хызмети